



Mary E. Skipper, *Superintendent*

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246
mskipper@k12.somerville.ma.us · www.somerville.k12.ma.us
T 617-629-5200, x6005 · F 617-629-5611

Chè Paran ak Gadyen SPS yo,

Yon rapèl, an patenarya ak Vil la nou pral òganize pwochen Reyinyon Meri pou Reouvèti Lekòl yo madi, 26 janvyè. Reyinyon Meri Anplwaye an ap de 5-6, epi aprè de 6:30-8:00 nou ap gen Reyinyon Meri pou tout kominote a. Sesyon yo pral anrejistre tou epi pral disponib pou gade yo pi ta. For Pou enfòmasyon sou ki jan pou nou swiv reyinyon kominote meri a, ki pral kòmanse de 6:30pm madi, ale sou www.somervillema.gov/virtualtownhall.

Pandan nou ap negosye toujou ak inyon an sou plan reouvèti lekòl nou, nou planifye bay yon mizajou sou batiman ak delè ki pwopoze a pou reouvèti lekòl nan Reyinyon Meri a madi, ansanm ak enfòmasyon sou tès pou COVID-19 ki toujou la ak ogmantasyon kantite lokal ki fè tès yo.

Apati premye fevriye, edikatè ki ap travay ak elèv ki gen bezwen edikasyon espesyal nan pwogram bezwen pi wo nivo pral kapab bay sipò ak pwogram an-pèsòn limite sou baz volontarya. Ofisye sante leta yo jije ke pwopozisyon andedan an san danje poutèt tan limite anndan an (jiska 2 zè tan) ak poutèt limit sou kantite elèv yo, epi poutèt siksè esè pwogram andedan/deyò aprè-lekòl *Community Schools* lan tou. Gen kèk nan anplwaye edikasyon espesyal sa yo ki gentan ap bay sipò ak pwogram an-pèsòn deyò, and e fò sa yo pèmèt sipò sa yo kontinye andedan ak pridans pandan mwa ivè frèt yo. Nou pral rantre an kontak ak fanmi elèv yo ki elijib pou pwogram an-pèsòn limite a.

E pou esè andedan/deyò aprè-lekòl, apa de yon eksklizyon apwouve de doktè, tout elèv ak anplwaye ki patisipe nan pwogram nan ap oblije fè yon tès debaz Covid-19 anvan yo patisipe nan nenpòt pwogram andedan. Yo pral oblije patisipe tou nan tès Covid-19 chak semèn. An plis, elèv yo dwe ajou ak vaksen yo e tout rekò yo dwe nan dosye yo ak enfimyè lekòl la pou yo ka patisipe nan pwogram saa. Tout lòt pwotokòl sante ak sekirite ki la deja yo pral kontinye swiv ki enkli mete mask, lave men tout tan, ak distans sosyal.

Esè limite andedan/deyò aprè-lekòl *Community Schools* yo, ki limite de 1-2 zè nan gran espas andedan, has pèmèt nou ogmante kapasite pou nou fè tès ak kantite lokal ki fè tès yo. Pwogram nan ak fè tès Covid yo ap mache ak siksè nan Argenziano, Capuano, East Somerville, ak Winter Hill e pral kontinye rive nan lòt lekòl yo otan ke kapasite pou fè tès Covid-19 nou yo ogmante. Nou apresye sipò Depatman Sante ak Sèvis Imèn Somerville, *DPW, Parks and Recreation*, Cataldo, ak Tufts poutèt yo ede nou lanse ak siksè esè/tantativ sa yo pandan nou ap kontinye planifye reouvèti lekòl nou yo.

Have Pase yon wikenn trankil e nan pridans.

Avèk Respè,

Mary Skipper, Direktè Jeneral